

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar analisis data ngeunaan campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung taun ajar 2011/2012, ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap:

- 1) Wanda campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung leuwih loba wanda ka jero (*inner code-mixing*) nya éta 177 kecap tina 183 kecap (96,73%). Campur kode lumangsung dina diri panyatur antara basa Sunda jeung basa Indonesia.
- 2) Wujud campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012 nya éta : (1) 110 unsur kecap (73,33%), (2) 16 unsur frasa (10,6%), (3) 9 unsur rajékan (6%), jeung (4) 18 unsur klausia (10,07%).
- 3) Ditilik tina kandaga kecapna aya 150 kandaga kecap BI anu digunakeun dina BS. Dumasar kana struktur léksikalna kapanggih aya dua kecap, nya éta: (1) saharti (sinonim) 138 kecap (92%), jeung (2) sangaran (homonim) 12 kecap (8%). Ditilik tina adegan kecapna kapanggih aya 177 kecap campur kode anu kabagi kana opat wangun, nya éta: (1) kecap asal 99 kecap (55,95%), (2) kecap rundayan 59 kecap (33,33%), (3) kecap rajékan 12 kecap (6,22%), jeung (4) kecap kantétan 8 kecap (4,5%). Kecap asal mangrupa adegan kecap anu panglobana campur kode.

4) Faktor anu mangaruhan kana campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung, nya éta faktor kedwibahasaan jeung kabiasaan makéna basa sapopoé. Siswa SMPN 1 Bandung 43% ngawasa BI jeung BS. Dina kahirupan sapopoéna basa campuran jadi basa anu digunakeun di lingkungan imah, Sakola, jeung masarakat. Asupna BI kana BS sunda téh dirasakeun ku siswana sorangan (94%) ngan ieu hal lumangsungna téh teu dihaja (87%) lantaran BS tara biasa dipaké, jadi kaweruh siswa kana kandaga kecap BS masih heureut kénéh.

5.2 Saran

Nilik kana hasil panalungtikan campur kode dina karangan pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Bandung, panalungtik miboga sawatara saran sangkan pangajaran basa Sunda leuwih hadé deui. Saran anu patali jeung ieu panalungtikan nya éta ieu di handap:

- 1) Guru basa Sunda SMPN 1 Bandung bisa ngagunakeun média pikeun ngaminimalkeun campur kode upamana dina pangajaran nulis, siswa ngagunakeun kamus;
- 2) Guru kudu bisa milih bahan, media, jeung metode pangajaran basa Sunda nu leuwih variatif utamana patali jeung pangaweruh kandaga kecap basa Sunda, sangkan pangaweruh siswa kana kandaga kecap basa Sunda leuwih wanoh; jeung
- 3) Siswa-siswi SMPN 1 Bandung kudu bisa nempatkeun kamampuh basana dina situasi jeung kondisi nu tangtu.